# SPORT GÚRESINDE OQITIW USILINIŃ TIYKARLARI

**Q.T.Jumaniyazov** – *assistent oqıtıwshı*
**J.J.Mırzamuratov** – *úlken oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so`zlar:** sport kurashi, umumiy jismoniy tayyorgarlik, maxsus jismoniy tayyorgarlik, trener, prinsip, ong, hakamlik, o`quv mashqlari.
**Ключевые слова:** спортивная борьба, общая физическая подготовка, специальная физическая подготовка, тренер, принцип, сознание, судейство, тренировка.
**Key words:** wrestling, general physical preparation, sectional physical, coach, principle, consciousness, refereeing, training.

*Oqıtıwdıń maqsetleri hám wazıypaları:* Sport gúresinde oqıtıw - bul sport gúresiniń teoriyası hám onı oqıtıw usılları haqqındaǵı bilimler palwannıń tiykarǵı ózine sáykes jarıs, tóreshilik, pedagogikalıq, shólkemlestiriwshilik xızmetleri esaplanǵan kónlikpe hám tájiriybeler sistemasın islep shıǵıwǵa qaratılǵan maqsetli shólkemlestirilgen pedagogikalıq process bolıp esaplanadı.

Oqıtıw maqseti shuǵıllanıwshılarda trenerdiń kásiplik xızmetiniń konsepciyasın sáwlelendiriwshi bilimler sistemasın qáliplestiriwden ibarat. Bul konsepciya bilimler hám tájiriybeler, ilimiy pikirlew usılları, shuǵıllanıwshılarda ańlı hám de ámeliy háreketlerine dóretiwshilik múnásibetti tárbiyalawdı óz ishine aladı [1].

Sport gúresiniń teoriyası hám onı oqıtıw usılı oqıw pániniń ózine sáykes sharayatları hám ózgesheliklerin sáwlelendiriwshi ulıwma wazıypalar tómendegilerden ibarat:

- sport túri teoriyası hám onı oqıtıw usılı boyınsha bilimlerdiń optimal kólemi, hár táreplemeligi hám jetkilikli dárejede tereń bolıwın támiyin etiw;
- dóretiwshilik ańlaw imkaniyatların rawajlandarıw;
- palwannıń ulıwma tayarlıq mashqıların orınlaw tájiriybesin qáliplestiriw hám jetilistiriw;
- gúres texnikasınıń usılları, qorǵanıwlar hám qarsı usıllardı orınlawın qáliplestiriw hám jetilistiriw;
- jarıs bellesiwlerindegi texnikalıq hám taktikalıq háreketlerdiń optimal kólemin hám hár qıylılıǵın qáliplestiriw;
- oqıw, oqıw-trenirovka, baqlaw, jarıs hám kórgizbeli bellesiwlerdi alıp barıw kónlikpelerin hám tájiriybelerin qáliplestiriw;
- gúres usılların orınlaw texnikasın talqılaw bilimleri, tájiriybe hám kónlikpelerin qáliplestiriw hám jetilistiriw;
- gúres texnikasın kórsetip beriw hám túsindiriw tájiriybesin iyelew;
- quramalı texnikalıq hám taktikalıq háreketlerdi orınlawǵa úyretiw hám jetilistiriw bilimleri, tájiriybeleri hám kónlikpelerin qáliplestiriw hám jetilistiriw;
- gúres boyınsha sabaqlardı talqılaw hám ótkeriw tájiriybelerin qáliplestiriw hám jetilistiriw;
- gúres jarıslarına tóreshilik etiw hám massalıq sport ilajların shólkemlestiriw hám onı ótkeriw bilimleri, tájiriybeleri menen kónlikpelerin qáliplestiriw hám jetilistiriw [2].

*Oqıtıw principleri:* Zamanagóy pedagogikada oqıtıw principleri oqıtıwshı xızmeti hám oqıwshınıń bilim qábiletiniń ayrıqshalıǵın belgilep beretuǵın tiykarǵı talaplar hám baǵdarlawshı qaǵıydalar sıpatında túsindiriledi. Ámeliy pedagogikalıq xızmette oqıtıw principleri tiykar boladı, olar oqıtıw ámeliyatın rejelestiriw, shólkemlestiriw hám talqılaw ushın jol-joba bolıp xızmet etedi.

Oqıtıwdıń tárbiyalıq ózgesheligi_- oqıw-trenirovka processiniń nızamshılıǵı bolıp esaplanadı. Bul jerde palwanlardıń sport tájiriybesiniń ósiwi menen bir waqıttıń ózinde shaxsqa tiyisli ádep-ikramlılıq qásiyetleri qáliplestiriledi. Sportta joqarı nátiyjelerge erisiwde palwanlardıń texnikalıq hám taktikalıq háreketlerlerin qadaǵalaw, talqılaw hám bahalaw tájiriybelerin tárbiyalaw úlken áhmiyetke iye. Bunıń barlıǵı trenerdiń tárbiyalıq tásiriniń nátiyjesi, onıń basshılıǵı astında shuǵıllanıwshılar turmıslıq máselelerdi sheshiwge tayar turıw tájiriybesin aladı [3].

Trener kásiplik sheberliginen tısqarı, joqarı dárejede ruwxıylıq hám mádeniyatlı bolıwı, óz juwapkershiligine hújdanı menen jantasıwı, haqıyqatshıl bolıwı, sonday-aq balalardı súyiwi hám olar haqqında ǵamxorlıq etiwi tiyis.

Trenirovkanıń túrli basqıshlarında aldıǵa qoyılǵan maqsetlerge erisiw, qıyınshılıqlardı jeńip ótiwge umtılıw ruwxıy tájiriybe, biyǵárez pikir júrgiziw, miynet etiw, sporttaǵı jeńisler menen jeńilislerge shıdamlı bolıwdı qáliplestiredi [2].

Gúres boyınsha oqıw-trenirovka shınıǵıwlarınıń tabıslı alıp barılıwı usı processtiń tiykarǵı pedagogikalıq principlerge muwapıqlıǵı menen anıqlanadı [4].

Oqıw-trenirovka shınıǵıwlarınıń nátiyjeliligi tómendegi didaktikalıq principlerge tiykarlanadı:

1. Oqıtıwdıń ilimiylik principi.
2. Oqıtıwdıń jeńillik principi.
3. Oqıtıwdıń turaqlılıq principi.
4. Oqıtıwdıń ańlılıq hám belsendilik principi.
5. Oqıtıwdıń kórgizbelilik principi.

*Oqıtıwdıń ilimiylik principi:* Oqıtıwdıń ilimiylik principi oqıwshıdan oqıw materialın ózlestiriw hám ilimiy-tiykarlanǵan usıl, oqıtıw processin shólkemlestiriw nızamlılıqların biliwdi talap etedi. Ilimiylik principine muwapıq, oqıw-trenirovka processiniń usılı hám onı shólkemlestiriw ilimiy tiykarlanǵan bolıwı shárt, yaǵnıy shuǵıllanıwshılardıń jas ózgesheligine sáykes, sonday-aq kóp jıllıq tayarlıqlardıń barlıq basqıshlarında wazıypalardı iske asırıw ushın paydalı bolıwı tiyis [4].

Ilimiylik principin ámelge asırıw birqatar shártlerdiń orınlanıwın talap etedi:

- úyrenilip atırǵan háreketler oqıwshılar tárepinen tolıq, buzılmaǵan jaǵdayda qabıl etiliwi tiyis;
- úyreniwshi úyrenilip atırǵan háreketlerdiń áhmiyetli belgileri hám qásiyetleri, úyrenilip atırǵan háreketlerdiń basqa háreketler menen baylanıslılıǵı hám olardı jarıs processinde qollanıw jaǵdayların túsiniwi hám ózlestiriwi tiyis;
- háreketlerdi úyrenip atırıp, olardı hesh qashan ózgermes nárse retinde emes, bálkim rawajlanıp hám jetilisip baratuǵın nárse sıpatında qabıl etiw tiyis;
- oqıtıw processinde oqıwshılardı tek háreket wazıypaların orınlaw nızamlılıqları, ilimiy izleniw nátiyjeleri menen ǵana emes, bálkim, ilimiy izertlewdiń jeńil usılları menen tanıstırıp barıw kerek;
- ilimiylik principi oqıwshılardı tek pánde tastıyıqlanǵan isenimli faktler hám bilimler menen ǵana tanıstırıwı kerek;
- oqıtıw processinde pánde qabıl etilgen atamalardan paydalanıw múmkin.

*Oqıtıwdıń jeńillik principi:* Oqıw baǵdarlaması materialların ózlestiriw sapası bir qatar faktorlarǵa baylanıslı. Biraq basqa birqıylı sharayatlarda material oqıwshıǵa jeńil bolǵan jaǵdayda ǵana ózlestiriliwi múmkin. Háreketlerge úyretiw tarawında jeńillik principi bir qatar talaplar orınlanǵan jaǵdayda ǵana iske asırılıwı múmkin:

- oqıwshınıń fizikalıq tayarlıǵı sheshilip atırǵan háreket wazıypasınıń ózine say ózgesheligine múnásip bolıwı kerek;
- oqıwshılardıń háreket tayarlıǵı úyrenilip atırǵan háreket ózgeshelikleri, islenip atırǵan háreket wazıypasınıń ózine sáykes ózgesheliklerine muwapıq bolıwı kerek;

- oqıwshı úyrenilip atırǵan háreketti logikalıq jaqtan túsinip jetiwi hám bul háreketti orınlawdıń sheshiwshi shártlerine oqıwshınıń dıqqatın awdarıw kerek;

- oqıwshınıń ruwxıy tayarlıǵı úyrenilip atırǵan háreket ayırmashılıqlarına sáykes bolıwı kerek;

- shólkemlestiriw quralları, usılları hám formaları oqıwshılardıń aqılıy rawajlanǵanlıǵı hám texnikalıq tayarlıq dárejesine muwapıq bolıwı kerek;

- oqıw materiallarınıń joqarı, lekin kúshli oqıwshılar quramına jeńil bolǵan dárejede ózlestiriliwin rejelestiriw kerek [4].

*Oqıtıwdıń turaqlılıq principi:* Oqıtıwdıń turaqlılıǵı hám tıǵızlıǵı, sonday-aq belgili bir waqıt arasında júkleme hám dem alıwdıń almasıwı turaqlılıq principiniń tiykarın quraydı. Oqıtıwdıń izbe-izligin rejelestiriw ózine tán usıl qaǵıydalarǵa boysınadı: belgiliden belgisizge, jeńilden qıyınǵa, ápiwayıdan quramalıǵa, bilimlerden kónlikpelerge, úlkennen bólimlerge, jekkeden ulıwmaǵa, ulıwmadan jekkege.

Turaqlılıq principin tabıslı iske asırıw ushın tómendegiler úlken áhmiyetke iye:

- shuǵıllanıwshılarǵa bilimler, kónlikpeler hám tájiriybeler tuwralı kompleksli túsinikler beriw;

- hámme oqıw materialların bólimlerge jeńil ajıratılatuǵın halda bir sistemaǵa birlestiriw;

- bul sistemanıń úyreniliwin shuǵıllanıwshılardıń ózgeshelikleri, olardıń oqıwı, is sharayatlarına muwapıq halda, oqıw materialı shártlerine muwapıq kúshli iskerlik dáwirlerin hám onı bekkemlew (tákirarlaw), jarıslarda qatnasıw dáwirleri menen almastırıp, rejelestiriw lazım;

- pedagoglardıń háreketleri hám talaplarında úyrenilip atırǵan materiallardı qatań izbe-izlilik hám de áste-aqırın qıyınlastırıp barıw menen úyretiwge ámel etiliwi lazım [5].

*Oqıtıwdıń sanalılıq hám belsendilik principi:* Sanalılıq hám belsendilik principi pedagogikalıq basshılıq hám uǵıllanıwshılardıń sanalı, belsendi hám dóretiwshilik xızmeti arasındaǵı óz-ara baylanısın kózde tutadı.

Sanalılıq oqıtıwdıń maqseti hám wazıypaları, úyrenilip atırǵan materialdı tereń túsiniw, onı sanalı túrde ámeliyatta qollana alıw tájiriybesinde belgili boladı. Shuǵıllanıwshılardıń iskerligi biyǵárezlikti, intalılıqtı tárbiyalawǵa qaratılǵan bolıwı shárt.

Sanalılıq hám belsendilik principin ámelge asırıw ushın tómendegi talaplardı orınlaw kerek:

- oqıw isiniń talapların túsinip jetiw hám sonıń tiykarında onıń sebep hám maqsetlerin qáliplestiriw;

- shuǵıllanıwshı oqıw iskerliginiń barlıq usılları menen háreketlerin sanalı túrde atqarıwı tiyis;

- oqıw sebeplerin belsendi qáliplestiriw hám onı basqarıw;

- hár bir oqıwshıǵa oqıw tapsırmalarınıń jeńilligin támiyinlew;

- oqıw wazıypasın sheshiwge baylanıslı bolmaǵan talapardıń áhmiyetin kemeyttiriw;

- oqıtıw processin sonday etip dúziw lazım, aldın ótilgen material jaqsı ózlestirilmese, onnan keyingi materialdı ózlestiriw qıyınshılıq tuwdırıwı múmkin.

*Oqıtıwdıń kórgizbelililik principi:* Gúrestiń texnikalıq hám taktikalıq háreketlerine úyretiw háreketleniw haqqındaǵı bilimlerdi, yaǵnıy úyreniletuǵın hárekettiń belgili bir túsinigi menen kórinisin qáliplestiriwden baslanadı.

Ámeliy túsiniwde birinshi hám eń baslı wazıypa - bul kóz arqalı janlı seziw bolıp esaplanadı. Sonday kóz arqalı seziwdi támiyinlew kórgizbelilik principin ámelge asırıwdıń zárúriy shárti bolıp esaplanadı [5].

Kórgizbelilik principin ámelge asırıwda jas, tárbiya hám oylaw qábiletlerin esapqa alıw kerek. Kishi jastaǵı balalardıń eliklewge bolǵan talantınan paydalanıw hám sabaq barısında tapsırmanı bir neshe ret kórsetip beriw kerek. Úlken jastaǵı palwanlar menen isleskende kórsetip beriw menen birge hárekettiń mánisi, onıń mazmunı, sonday-aq texnikalıq xarakteristikası túsindiriledi. Usı jastaǵı palwanlar menen bolatuǵın shınıǵıwlarda kórgizbelilik principi ideomotor mashqılar (háreketti onıń sheshiwshi fazalarına ayrıqsha dıqqattı jámlegen halda qıyalıy kóp mártebe tákirarlaw) arqalı ámelge asırıladı.

Kórgizbelilik principinen paydalanıw nátiyjeliligi eger hárekettiń orınlanıwı videomagnitafon yaki kinokórsetiwler arqalı jazıp alınıp hám kórsetilse, anaǵurlım joqarı boladı [5].

Solay etip, sport gúresinde kórgizbelilik principin ámelge asırıw ushın oqıtıwshı tómendegilerdi orınlawı tiyis:

- usıldı kórsetiw barısında onıń texnikalıq hám taktikalıq ózgesheliklerin túsindirip beriw;

- úyrenilip atırǵan usıldı orınlaw ushın eń qolaylı bolǵan barlıq jaǵdaylardı kórsetip beriw;

- usıldı pútinley, yaǵnıy belleskende qanday orınlansa, sonday etip kórsetip beriw (bunday etip kórsetip beriw ulıwma kóriniste usıl haqqında ulıwma isenim payda etiw maqsetine iye);

- usıldı elementleri boyınsha áste aqırın kórsetip beriw (bul kórsetip beriw ulıwma kóriniste usıldıń eń áhmiyetli elementleri haqqında anıq isenim payda etiwi maqsetine iye);

- kórgizbeli kurallardı ulıwma alǵanda tuwrı tańlap alıw (olardıń qollanılıw izbe-izligi h.t.b.);

- úyrenilip atırǵan texnikalıq háreketti oqıtıwdıń bul basqıshında qanshama kerek bolsa, sol dárejede hár tárepleme qabıl etiwge járdem beriw [4].

**Ádebiyatlar**


1. Тумаян Г.С. Спортивная борьба. –М.: 1985.
2. Купцова А.П. Спортивная борьба. Учебник для ИФК. 1978.
3. Галковский Н.М., Керимов Ф.Н. Вольная борьба. –Т.: 1987.
4. Нуршин Ж.М., Саломов Р.С., Керимов Ф.А. Ўзбек миллий спорт кураши. –Т.: 1993.
5. Атаев А.К. Кураш. –Т.: 1987.



**REZYUME**

Ushbu moqalada sport kurashi bilan shug`ullanivshi kurashilarning, zamonaviy pedagogik o`qitish uslublari, o`qituvchining faoliyati davomida tasvirlangan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье показаны принципы современной педагогической подготовки борцов как деятельность учителя.

**SUMMARY**

This article shows the principles of modern pedagogical training of wrestlers, as an the activity of the teacher.